RÉPUBLIQUE FRANÇAISE
Liberté
Égalité
Fraternité

INSP
Institut national du service public

Concours d'entrée 2025

Voie Orient

Concours externe

Section : Afrique

Langue : Wolof

5ème épreuve d'admissibilité

Une épreuve consistant en des réponses courtes, dans la langue choisie au moment de l'inscription, à des questions à partir d'un dossier dans cette même langue permettant d'apprécier les connaissances linguistiques sur les thèmes économiques, culturels, sociaux de la section géographique choisie et l'aptitude à formuler des réponses complexes.

L'usage du dictionnaire est autorisé pour cette seule épreuve en arabe littéral, chinois, haoussa, hébreu, hindi, japonais, mandingue, persan, peul, swahili, turc et wolof. Pour ces langues, tous types de dictionnaires (à l'exclusion des dictionnaires électroniques) de la langue de l'épreuve vers le français, vers l'anglais ou vers une langue tierce sont autorisés, et vice versa. Les candidats utilisant un dictionnaire de langue de l'épreuve vers une autre langue que le français et l'anglais peuvent utiliser un dictionnaire de cette langue tierce vers le français et l'anglais. Sont, en outre, autorisés les dictionnaires rédigés exclusivement dans la langue de l'épreuve. Les dictionnaires peuvent faire l'objet de contrôles durant les épreuves. Ils ne peuvent être ni annotés, ni prêtés, ni échangés entre candidats durant l'épreuve.

Toute note inférieure à 10 sur 20 est éliminatoire.

Durée : 3 heures – coefficient 3

Sujet

Question n°1 : Lan mooy Aada ak cosaanu waa Senegaal ak lan moo koy firndeel ?

Question n°2 : Ndax bëre-dóor ci cosaanu waa Senegaal la bokk ak lan lay def ci koom-koom bi ?

Question n°3 : Lan ngeen mën a wax ci baatu « tey la Waalo gën a aay » ?

Document 1

Extrait de *Doomi golo* de Bubakar bóris Jób, 2003, Papyrus, Dakar

Badu, wóor na ma ne su ma la laajoon lan mooy gën a biral sunu aaday cosaan ci mbirum fo ak tàngal yaram, dinga ma ni :
- Làmb la, Ngiraan.
Su ma delloo ne la :
- Limal may turi mbër, du ñàkk nga ni ma :
- Tafaa Géy mbaa magam Mbay Géy, Duubal Lees, Mànga, Tubaabu Joor ak Bàlla Béey.
Su dee ku la mag laa laaj loolu, xéy-na dina ma ne :
- May ma, Ngiraan, ma fàttali askan wi jaloorey Mbay Ja Jóob, Abduraxmaan Njaay Falaŋ, Paate Jóob, Fóode Dusuba walla Landiŋ Jaame.
Mbër yooyu yépp, bëre-dóor a tax ñu xam leen. Yow Badu, soo daggee paas dem seetaani làmb ja Ibba Maar Jóob, mbër yi takk seeni gàllaaj, ñu leen di tëggal, ñu ngembooy sëri rabal yu rafet di bàkku, di tuuroo soow ak saafara, Xaar Mbay Majaaga di woy :
Làmb góor a ko moom, lii bu doon làmbu jigéen sax jeex na- a-a-a, Ku ci nekk ànd ak sa gàngóor, gaa ñiy sànniy pitax ak a toj ay nen, loolu yépp soo ko déggee, teg ci sa bët, fàww sa yaram daw, Badu. Noo def sa xel dem fu soree-sori. Ñu dégg laak ñu bañ la dégg, dinga ne :
- Futbal neex na lool te am bayre, waaye ci dëgg-dëgg làmb mooy sunu cosaan, ni « sumo » mbaa « sido » nekke cosaanu réewum Sàppoŋ. Kon jaadu na ay nit jóge bitim-réew, ñëw di jël ay nataal mbaa di defar ay film ci sunu làmb ji. Su ñu delloo fa ñu dëkk, dinañu ne :
- Po mii ñu leen di wonsi nag, waa Senegaal a ko moom. Bi ko seeni maam sàkkeek léegi, lu mu néew-néew, war na mat fanweeri xarnu ci ginnaaw.

Ku ciy sañ a teg baat ? Monte de Badu, su ñaari mbër yi bàkkoo ba noppi, def seeni déebaa-déeb ba janoo di léewtoo, ku ci jëkk a yëkkati sa loxo dóor sa moroom teggi nga yoonu aadaak cosaan !

Lu ma tax a wax loolu ? Dafa fekk ne bëre-dóor, ak li coow liy bare yépp, Maam masu ko xam. Bëre-dóor, benn Tubaab bu xonq coy bu tudd Móris Sakeŋ moo ko dugal ci réew mi.
Móris Sakeŋ moomu, minise la woon, dëkkoon Sàndiñéeri gii, ci wetu marse Sàndaga. Bi ma newee gone, gunge naa bés sunu benn Garaŋ muy seeti tubaab boobu ma lay wax. Maa ngiy gisaat Móris Sakeŋ. Ku am taxawaay la, kanam gi wow koŋ, mu xaw a xuuge. Mu ngi sol keroog tubéy ju gàtt, yeel yi ne fàŋŋ, sew ruuj. Ñi muy liggéeyal ay doomi réew mi lañu, waaye moo leen yilif ñoom ñépp.
Bi nu duggee ci mbaar mi maak Garaŋ Maxu, Tubaab baa ngiy dem aka dikk, ñàq tooy xepp, di joxey ndigal.
Tey nag Garaŋ Maxu dafa àkksi Móris Sakeŋ, ndax nee na tubaab bi dafa ko ameel xaalis.

Garaŋ Maxoo fi dàq xeex, ëpp fi fit, waaye du tooñ. Moo tax mu jëkk jéem a sàng Tubaab bi sutura.
Kooku di ko jaay ñàkk teggin :
- *Nuu tarwaaye, Maxtaar, paa salaamaaleg*
Ust ! Ayca ! Garaŋ Maxu daldi gis boppam ci saa si :
- Waay, Xonq-Nopp bii man lay sëppu, tey laay dëgg ndeyam ba mu xool benn bërëb ! Naka la wax loolu, daldi jubal ci Sakeŋ, tàllal ko loxo :
- Sama kaaw laay jëlsi, laa wax ! Gaawal, mbaa ma...
Waay ! Ñu xoolante ñoom ñaar. Boo gisee mbaar mi, ñépp a ngiy liggéey-liggéeylu, waaye kenn noyyeetul sax. Móris Sakeŋ yuuxu moom it :
- *Fous-moi laa camp ! Haa ! Toi ménacer moi, allez, dewoor!* Xawma kan, wànte du Garaŋ Maxu mooy nangu ñu koy toroxal ci biir ay nawleem !

Dafa daw wuti Tubaab bi, taxaw ci kanamam, xulli ko. Móris Sakeŋ gis paaka bi Garaŋ Maxu téye, daldi tàmbalee dellu ginnaaw. Fu mu aw, Garaŋ Maxu topp kook paakaam. Ñépp a ngi ne tekk, di leen seetaan. Benn paa bu doon liggéey ak Sakeŋ ne Garaŋ Maxu :
- Maxu, mbaa seet nga bu baax li ngay def ?

- Amul fog ! Su ma seen gaayin bi feyulee sama kaaw tey dinaa ko butti, fanaani jeel, man Maxtaar Gaynde ! Góor gi ne ko :
- Yoonu jàmm sorewul. Ñii baaxuñu, de ! Ñaata la la yoreel, sax ?
- Weer wii ñu génn, indil naa ko juróom-ñeenti mbër. Moom xam na ñaata la.
Li muy nekk kabase yépp, Móris Sakeŋ xam na ne Garaŋ Maxu jekku na ko. Mu soppi yëf yi ay kaf, daldi ree :
- *Toi aimer argent, Maxu ! Moi ami, te payer argent !*

Garaŋ Maxu ne këj, di ñàngal. Ñu fey ko xaalisam, mu jiital ma, nu dellusi Ñarelaa. Keroog may na ma lu ma jënde pastel ci Meer Màgget ba noppi ne ma :
- Du xam nga Tinaa Delgaado, sama gelu ŋaaña bi ?
- Waaw, Garaŋ !
- Joxal ma ko ñaar-fukki dërëm yii, ne ko mu rëgal ci kaccuupa, maak sama kàngam yi dinanu reersi ngoon !
Garaŋ Maxoo doon ngand dëgg ! Masul a nangu kenn yab ko. Badu Taal, ak lu waay mën a wax, Senegaal réewu bañkat la ! Xawma naka la tubaab yi def ba xoj ñu ak seeni karwaat, ñuy dox nii ci seen waaw !

Jaaxal na ma de, man Ngiraan Fay ! Lii moo doy waar ! Bañkat yi mel ni Garaŋ Maxu yi fi jaar yépp, teewul ay doxandéem ñëw moom nu, di nu wommat, nu topp ciy yagar-yagari ni ay bàyyima !
Léegi de, nee nanu noo moom sunu bopp. Waaye man de, gisuma fi coppite gu jar a wax. Tey la Waalo gën a aay.

Document 2

Traduction du documentaire réalisé par le Monde Afrique
(https://www.lemonde.fr/afrique/video/2023/06/03/lutte-senegalaise-a-qui-profite-le-business_6176012_3212.html)

Làmbu Senegaal : Kan mooy njariñoo bisnes bi ?

Ci weeru sulye atum 2019, ci Pikin, wetu Ndakaaru. Ci biir areen nasiyonaal bu ngand bi, mën nanu gis ni am na taasiyoŋ ci géew gi. Lu tollu ci ñaar-fukki junni nit ñu ngiy seetaan bëre-dóor waa Senegaal. Yëf yee ngiy niroo ak luy neex. Ni ko wolof di waxe : cin su naree neex, su baxee xeeñ neex. Tey, waa jii, Ëmë Seen, nu koy woowe « Ruwa de areen » at mi weesu ba leegi, mooy bëre. Ñaari ponkal yi ñu ngiy léewtoo, di xoolante. Ci biir benn simili ak li ko topp, Ëmë Seen jege ki muy jàmmaarloo. Mu song waaye fekk fa lu doy-waar daldi daanu kawoo. Jotul a am dara. Waaye, bés boobu, donte gàcceel nanu ko, Ëmë Seen ñàkkul lépp. Ci li néew ñaari simili ci bëre, laal na téeméer ak juróom-fukki miliyoŋ. Koppar googu, bu nu koy xayma ci bépp liggéeykat buy feyyeeku lu yem, dina ko mat ñaar-téeméer ak juróom-ñétti at bala mu koy am. Módu Ló, moom mii daan, laal na téeméeri miliyoŋ. Ci at yu mujj yii, ay bërekat yu am-bayre jot nañu laal xaalis bu méngoo ak lii. Koppar yu jéggi dayo te boo xoole ñu ci gën a bare ci mbër yi am nañu ay jafe-jafe fay lu ñu soxla ngir tàggat seeni yaram.

Ci jamonoy maam, saa yu nu góobe ba pare lanu daan bëre, waaye bi nu tàmbalee atum 2000 ak li ci topp, ci la po mi doone bisnes bo xam ne nit yu néew ñoo ciy am alal ju bare. Kon mboog, ndax li nuy fay ñi am tuur ci làmb dafa jéegi dayo ? Surnal « Le Monde Afrique » gëstu na mbir mi.

Mbao, dëkk bu ndaw la bu nekk ci wetu géej gi, ci wetu Ndakaaru. Ibrayma Jon, di mbër mu nu ràññee ci tuuru Giri Bórdó, te nekk njiitu kuréelu mbëri Senegaal, foofu la dëkk. Ci atu 2012 la fa toxu. Moom moomu, moo daldi ne : « Fii moo gën a dal. Loolu moo waral sama tànneef ». Def na ñaar-fukki at bi mu siwee ci réew mi. Moom moomu, moo daldi yokk : « Lii ngeen di gis nii, ndam la. Maa ngi ko ame bi ma daanee Taysën. Keroog làmb bu metti la woon ». Giri Bórdó bokk na tey ci mbër yu mag yi, ñi nuy woowe « kuur de garaŋ ». Mën na feyyeeku ñaar-téeméeri miliyoŋ. Boo koy xayma ci xaalisu waa Faraas, mat na 305.000 ëroo. Ni futbal ame doole ci Senegaal, noonu la làmb ame doole itam. Ponkal yu làmb defar dañuy feesal estad yi ak areen bi. Ñooñu ay bokkaale ndaw ñi lañu te itam ñi di def politik dañu leen di xëcco bu baax. Esponsoor yi : yu mel ni « assurance », wala kuréelu tabax, wala kuréel yuy yëngu ci li nit di lekk ak kuréel yuy yëngu ci telefon itam dañuy xëccoo mbër yu mag yi. Ñoom ñépp jaral na leen a fay lu takku ngir njariñoo bayre mbër yi. Ci atu 2018, yokk nañu leneen lu ñuy woowe « pay-per-view ». Loolu nak beneen xeetu fey la. Dangay dugg ci internet bi, nga fey ngir seetaan bëre. Dañu ciy am xaalis bu bare. Doomi dëkk bi yu nekk bitim-réew dañu ciy njariñoo lool. Loolu mën na duggal lu mat téeméeri miliyoŋ ci xaalisu réew mi bu dee làmb ju mag moo am.

Yokkum peyu mbër yi ci Senegaal



Ci atum 1975, Mbay Géy moo jëkk laaj benn miliyoŋ. Bu weesoo loolu, Moxamed Ndaw, nu xame ko ci tuuru Taysën, moo yóbbu làmb ci yëfu bisnes ci atum 1990 ak li ci topp. Ci la làmb doone nak liggéey buy maye gëddë ak xaalis. Ci atum 2019, Ëmë Seen, moom mii nekkoon « Ruwa de areen », ak li mu ñàkke kombaa bi yépp, feyeeku na woon téeméer ak juróom-fukki miliyoŋ.

Ak nu ñu leen mën a bëgg yépp, ak fu nu leen mën a teg yépp itam, taxul ne ay nit ñu bokk ci biir làmb ci boppam, di ŋàññ mbër yu mag yii di laal koppar gu duun. Noonu, Seex Tijaan Wan, di jàngalekat ak gëstukat ci daara ju mag ju tudd « Franche-Comté », wax ni : « Nu ngi ci dëkk boo xam ne bu nu xaymee ñuy feyeeku, xaalis bu néew la. Kon mboog bu ay mbër yu am bayre di feyeeku xaalis bu dul jeex ci jenn làmb doŋ ju nu tëgg, loolu du ñakk nu ŋàññ leen ». Tëggkatu làmb yi itam, ñoom ñii am ay jafe-jafe dajale li mbër yi di laaj, kenn demul ñu des. Noonu la Gaston Mbeeng, moom mii bokk ci ñooñu, jottali nu « Lii mënul a wéy, xaru la. Mbër yi dañu wara bàyyi laaj tëggkatu làmb yi ay xaalis yu mat juróom-ñetti fukki miliyoŋ wala téeméeri miliyoŋ. Am na ay tëggkatu làmb yu mujje jaay seeni kër ». Ñu ci gën a bare ci mbër yi yépp, te xaalisu làmb matuleen a dundal, ñoom itam bokk nañu ci ñuy ŋàññe. Ci Rifisk, Góorgi, benn mbër mu ndaw te itam di jàng lekool, tàmm na dem ci saalu tàggat-yaram bii. Moom, etijan la. Ci mbër yu ndaw yi te nu leen di woowe espuwaar, maanam nu ñu yaakaar, la bokk. Ñooñu ñu def bëre seen liggéey, dañu bëgg a bokk ci mbër yu mag yi. Góorgi dafay tàggat yaramam ñetti waxtu bés bu nekk rax-ci-dolli di fey ku koy tàggatloo yaramam ak saal bu mu koy defe. Bi mu tàmbalee bëre def na juróom-ñaari at. Boobu ba léegi juróom-ñeenti yoon rekk la dugg ci géew gi. Li nu ko fey taxu ko bare. Ne na : « Damay jàngale ci lekool bu tudd Maktaar Sek ca Rifisk. Sama baay moo ma wax ma jàpp ci njàng mi te bañ a ko bàyyi ndax topp ci làmb rekk, ndaxte raŋ bi dafa xat ci làmb fii ci Senegaal. Def na sax ñaari at bi ma bërewulee. Am na ay mbër yu toog ñeenti at te barewuñu ». Moom Góorgi, li mu bëgg mooy nu kooy tëggal ay bëre wante mbir mi dafa xat. Ci ñetti juni ak ñetti téeméeri mbër yu « CNG », kuréel bi yore bëre bi, ràññee, lu tollu ci fanweer rekk ay dunde làmb ci dëgg-dëgg te amul yokkute bu bare ndaxte mbër yu mag yi, te nu leen di woowe « VIP », matuñu fukk. Rax-ci-dolli mën nañu bëre lu ëpp

ñaar-fukki at ndaxte yoon may na leen ñu bëre ba ñu am ñeenti fukk ak juróomi at. Ñoom, mbër yu mag yu nuy ŋàññ,ànd ak seeni nit ngir jàppale seen bopp, jàpp nañu ay tontu yu bare. Bu jëkk bi, ci ñoom, doon sampiyoŋ yombul ndaxte dañuy fey estaf ngir seen kaaraange, ngir tàggat seeni yaram, lekk yu sell yi, sarax yu ñuy genne, dem waajal seeni kombaa ci bitim-réew itam. Giri Bórdó jàpp na ne : « man dama faral di waajali samay bëre ca Lespaañ ci dun yu nuy woowe " Canari ". Depaas bi dafa seer torop. Dama war a am fu may dall man kese foofu. Dama fay des ñeenti fukk ak juróomi fan, war a fey otel bi, nit ku may tàggatloo sama yaram, war a am xaalis ci sama gafaka itam. Njég li dafa jéggi dayo ».

Ñaareel bi mooy li nu leen soxlaa. Mbër yu mag yi xam nañu ni dañu jar ci kanamu esponsoor yi. Li nu leen di fay dafa mel ni dafa méngoo ak li nu jar. Seex Tijaan Wan yaakaar na ne : « Ni bépp espoor, ci jamono jii, esponsoor yi danuy def seen kemtalaayu kàttan ngir njariñoo mbër yu siw yi, yu am bayre yi, yu am jaar-jaar yu baax yi. Ñi sopp làmb sax ñooy laaj yeneen kombaa yi ».

Ñetteel bi mooy, li ñuy feyeeku dafay dem ci lu bare. Ci Afrik sowu-jant bi, askan yi ci dimalante lañuy doxale te ci làmb loolu dafa am doole. Seex Tijaan Wan dolli, mu naan : « Ni mbër yi di koy faral di waxe seen bopp ci wolof rekk : "Nun mbër, nun nooy mayante xaalis", maanaam xaalis bi dafa war a di dox ci seen diggante ci yeneen anam ». Kon mboog bu ab sampiyoŋ amee xaalis, askan wi wépp moo ciy njariñoo, rawatina mbër yi. Giri Bórdó yokk na wax ne : « Ci ekiri bu nekk, am na ay mbër yu bare bare. Bu am mbër amee ndam, bu jotee dawalam, dafa war a jox ekiri bi 10% wala 15%. Manaseer bi war na am 10% itam. Mbër mu mag bi mooy dundal ekiri bi ».

Li ci mujje mooy, Mbër yu mag yi jàpp nañu ni coow li feneen la nekk. Li ñuulal sow mi mooy du ñoom li ñuy feyeekuwee, wante ñàkkum jàppale yeneen mbër yi la. Seex Tijaan Wan, moom, newaat na : « Ci dëkku waa tuugal, dafa am ay lekool yu am ay doxalin yu jaar yoon. Dañuy teel a duggal ndaw ñi ci lekool. Këlëb bi mooy res seeni lekk, ak fu ñuy dëkk, ak li ñu war a am. Li jëm ci làmbu Senegaal, Ekiri yi mënaguñu loolu ». Bi nu duggee ci atu 1990 ak li ci topp ba léegi, nit ñuy yëngu ci làmb ñu ngiy ñaan Nguuru Senegaal ay jéego ci làmb. Nguur gi duy jàppale téeméer ak juróomi fukk ak juróom-benn Ekiri yi. Amuñu ay saal fu nuy yékëtee weñ, amuñu ay « kine », rawatina doktoor. Areen nasiyonaal bi waa Siin ñoo ko meye ci atum 2018. Làmb yu ndaw yi ci Ibamaar Jóob lañuy ame te estadu futbal la. Ci xalaatu Giri Bórdó : « Nguur gi dafa war a jàppale làmb ji. Am na doole def ay sampiyonaa at mu nekk ». Wante, mbir ya ngiy am coppite ndànk-ndànk. Ci juróom-ñeenteelu bés ci weeru me wu atum 2023, am na ay jéego yu jot a am. Nguur gi joxe na 500.000.000 ci xaalisu réew mi ngir jàppale tëggkatu làmb yi. Bu weesoo loolu, dimmali na mbër yi ngir ñu am « mutuelle », maanaam kuréel gu leen di jàppale ñu faju saa yu ñu feebare.

« Réseaux sociaux » yi tax nañu nu xam ay mbër yu bees. Nit ñaa ngiy topp ay mbër yu ndaw yu ñu yaakaar te nu leen di woowe espuwaar. Noonu, ci juróom-benneelu bés ci weeru nobembar ci atum 2022, ci la Pàppaa Sów doon bëre guléet ak Sitë. Keroog, Areen bi dafa feesoon dell. Kombaa yii ñoo gën a yomb. Maysa Njaay, di ku topp ci njiitu « CNG », xalaat na ni : « Am na ay kombaa yoo xamante ni mën nanu ci duggal ay téeméeri miliyoŋ, wante itam am na yeneen yoo xamante ni, boo amee téeméeri miliyoŋ mën nga ci tëgg ñeent ba juróomi bésu kombaa yu espuwaar yi ». Loolu moo gën a yomb ci depaas wante yenn-saa ci ngay gën a am xaalis bu fekkente woon ne kombaa ay mbër yu mag la. Moom Maysa Njaay a dellu waxaat ni : « Kombaa mbër yu mag dafa laaj xaalis bu bare wante bu mbër yu ndaw as tuut rekk la laaj te boo jélee ci wàll am nit wala wàll jaay kombaa bi, benn la ».

Beneen xeetu kombaa bu nuy woowe EMEMA mu ngiy def yoonam ndànk-ndànk ci Senegaal. Ci at yii nu jàll, mbër yee ngi ciy dugg. Usmaan Ja, nu xame ko ci tuuru Bombarjé te nekkoon fi ñaari yoon Ruwa de areen, mooy mbër mu mag mu ci jëkk a dugg. Loolu xéewal la gu yeneen mbër yu mag yi mën a am.